


# Vòl Idantite



**Vòl idantite an rapò ak taks** se lè yon moun sèvi ak done pèsònèl lòt moun ke li vòlè pou fè yon fo deklarasyon taks epi reklame ranbousman. Vòlè idantite sa yo sèvi ak divès eskwokri pou twonpe itilizatè epi fè yo bay modpas yo ak lòt done.

## Pa pran nan pyèj sa a.

IRS p ap **JANM:**



**Antre an kontak ak okenn kontribyab atravè imèl, mesaj tèks ni rezo sosyo pou mande yo bay done pèsònèl oswa finansyè yo**



**Rele okenn kontribyab pou fè menas jijman oswa arestasyon kont yo**



**Rele, voye imèl oswa mesaj tèks bay okenn kontribyab pou mande yo bay Nimewo Pwoteksyon Idantite (Identity Protection PIN) yo**

Rapòte tout eskwokri nan [phishing@irs.gov](mailto:phishing@irs.gov). | [www.irs.gov/alerts](http://www.irs.gov/alerts) (an Anglè)